



Frè m ak sè m yo nan Kris la,

Benediksyon pou ou nan nouvo ane sa a! Pandan n ap kòmanse ane kalandriye 2025 la, nou tou kòmanse *Apèl Sèvis Dyosezyen* anyèl nou an. Se yon plezi pou m pataje tèm DSA ane sa a ki soti nan Women 5:5, "*Lespwa pa deseewa.*" Tèm sa a anfòm byen ak Ane Jibile 2025, ke yo

rele tou Ane Espwa. Anonse pa Pap Franswa, Ane Jibile a dwe yon tan espwa pou lemonn, ansanm ak yon opòtinite pou re-etabli relasyon nou ak Bondye, lòt moun epi ak kreyasyon an. Antanke dyosèz, nou kontinye pran swen youn lòt nan lafwa, espwa ak lanmou, pandan n ap anbrase tèm sa a.

Sipò w nan DSA a, atravè lapriye ak asistans finansye w, pèmèt biwo ak ministè nou yo akonpli misyon Dyosèz la epi anbrase pwomès lespwa nou resewa chak jou. Ansanm, kòm 54 pawas ak misyon nan senk deptman, nou mete tèt nou ansanm kòm yon sèl dyosèz ki angaje.

Lè w sipòte DSA a, ou pral ede fè yon diferans definitif nan lavi vwazen ou yo, pou sa mwen ta pwofondman rekonesan. Jenerozite w ap kenbe tradisyon nou genyen nan pataje ak pote espwa bay lòt moun. Mwen priye w ankò pou w konsidere bay yon donasyon pou *Apèl Sèvis Dyosezyen* ane sa a. Patisipasyon w nan apèl la se yon pati enpòtan nan kapasite nou pou bay sèvis pou Dyosèz nou an ak pou moun ki nan bezwen yo. Mwen rekonesan anpil pou jenewozite ou anvan ak priye ou ki kontinye. Tanpri konnen ke m ap priye pou benediksyon Bondye tonbe sou ou ak fanmi ou e ke ou gen yon sans espwa renouvle ane sa a.

Ak tout volonte lapriye m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyer Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach

## Fason Pou Bay

Anvlòp pou don pa lapòs lakay ou • Anvlòp nan pawas ou a  
Bay planifye • Sou entènèt [DiocesePB.org/DSA](http://DiocesePB.org/DSA) • Enplwayè matche kado w

Kado ak pwomès yo kapab fèt avèk lajan kach, chèk, kat kredi, kat debi, debi dirèk / otorizasyon bankè, money order / chèk kesyè a, testaman, eritaj, aksyon, byen retrèt, byen imobilye, asirans vi, anwite ekite oswa pwopriyete pèsònèl

### *My hope has been realized because...*



"Pitit gason m nan ak mwen te san kay, k ap viv nan machin nou an, ki te dezespereman ap chèche èd. Malgre anpil apèl nan plizyè abri, yo te toujou vire do ba nou, jiskaske nou finalman te rive jwenn Sant Samariten an, epi yo te di yo te gen yon plas pou nou. Lè moun kontribye nan DSA a, yo ap fè investisman nan espas ki an sekirite, manje cho, ak kabann an

sekirite pou timoun yo. Se gras a jantiyès ak jenerozite sa a ke mwen menm ak pitit gason m te jwenn espwa renouvle ak yon apèsi de yon avni ki pi briyan."  
- *Jully, Jully, se yon rezidan Katolik Charite nan Sant Samariten nan Vero Beach*

"Mwen vin wè premye men kòm yon DRE kijan lavi yo chanje nan pawas nou an chak jou gras a DSA. Mwen te temwen timoun tout laj yo briye limyè Kris la nan pwogram tankou Katechèz Bon Bèje a ak nouvo gwoup jèn nou an. Sa pa t ap posib san sipò ak fòmasyon mwen te resewa atravè dyosèz la. Avèk sipò DSA a, w nou gen zouti pou ede yo devlope yon fondasyon lafwa inebranlab epi grandi nan relasyon yo avèk Granmèt a."

- *Bibi, Direktè Edikasyon relijye nan Legliz Katolik St Clare*



## Diocese of Palm Beach

9995 N. Military Trail | P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, FL 33410-9650

(561) 775-9590 | [DiocesePB.org/DSA](http://DiocesePB.org/DSA)



Bay jodia!



2025  
**DYOSÈZ PALM BEACH**  
**APÈL SÈVIS DYOSÈZEN**



**HOPE DOES NOT DISAPPOINT**  
**LA ESPERANZA NO DEFRAUDA**  
**LESPWA PA DESEVWA**

ROMANS 5:5

## DSA Sipòte Ministè Sa Yo



*Apèl Sèvis Dyosèz la sipòte yon pakèt pwogram esansyèl relijye, charitab ak edikasyon atravè senk konte Dyosèz Palm Beach la.*



Skan QR kod la pou ou ka gade video a

## EDIKASYON KATOLIK

Devlopman pwofesyonèl pou administratè lekòl yo; fòmasyon nan sèvis pou pwofesè yo; sipò pou lekòl yo; pwogram edikasyon; konsèy pou sous finansman leta ak lokal yo; sipò kominikasyon dyosèz la, ministè kanpis la ak pwogram sèvis kominotè



## ÒGANIZASYON CHARITE KATOLIK

Pwogram Anti-Trafik Moun/ Pwogram Otonòm Bakhita; Sant Birthline/Lifeline pou swen gwosès; Solisyon gwosès fanm yo; zafè granmoun; Grangou, Sanzabri ak Sensibilizasyon; Sèvis Legal Imigrasyon; Sante ak Byennèt entèlafwa; Ministè Sosyal Pawasyal; Ministè Prizon; Refijye reyentegrasyon, Respekte Lavi; Sant Samariten/Lojman Tranzisyonel, Edikasyon Katolik




## VOKASYON, SEMINÈ AK FÒMASYON DYAKONAT, KLÈJE AK SIPÒ RELIJYE

Vokasyon, Fòmasyon Diak, Sipò Klèje Fòmasyon Prèt, Kontak Bokasyon ak evènman, Dyak pèmanan; Fòmasyon dyak; Biwo Evèk la, Vikè Jeneral ak Chanselye; Biwo Sèvis Kanonik ak Tribinal; Delege Episkopal pou relijye, Biwo Litiji.



- 22% Devlopman ak Resous
- 22% Bokasyon, seminè ak fòmasyon dyakonat, Klèje sipò
- 16% Charite Katolik
- 12% Ministè Kiltirèl
- 10% Edikasyon Katolik
- 7% Devlopman ak Resous
- 7% Maryaj, Lavi Fanmi, Fòmasyon Lafwa ak Ministè Jèn yo
- 4% Kominikasyon



## MINISTÈ KILTIRÈL

Pwogram Panyòl; sant kiltirèl; Ministè ak resous ayisyen yo; Ministè Panyòl ak retrèt; Lekòl Fòmasyon Kreyen; Apostola Vietnamyen ak direktiv Plan Pastoral Dyosezyen 2022-2030 nou an

## MARYAJ, LAVI FANMI, FÒMASYON LAFWA AK MINISTÈ JÈN

Selebrasyon Lamès Anivèsè Anyèl Evèk la; Preparasyon maryaj; Maryaj ak Maryaj konseye inisyativ; Sipò Planifikasyon Familyal Natirèl; Ministè Fanmi ak pwogram paran; bilten mansyèl pou sipòte legliz domestik la epi ede fanmi yo grandi nan lafwa yo; devlopman pwofesyonèl pou Fòmasyon Lafwa nan pawas ak lidèchip Ministè Jèn; fòmasyon ak sipò katechis pawas la; Lòd Inisyasyon Kreyen pou Adilt (OCIA); Teyoloji kò a inisyativ pou pawas ak lekòl yo; pwogram Scouting Katolik pou jèn yo; Katechèz fòmasyon lafwa Bon Bèje pou timoun yo; Ministè pou jèn yo konsey sipò ak fòmasyon; Sipò pou Ministè Jèn Adilt; konsiltasyon pawasyal pou devlope ak elaji efò ministè yo; Ministè Lapriyè Gerizon San Limit ;retrèt anyèl fanm yo; Ministè Rekiperasyon Lapenn

